

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis ngeunaan kamampuh nulis biografi ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* ka siswa kelas X-9 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012-2013, bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis biografi siswa kelas X-9 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012-2013 saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*, masih kurang nyugemakeun. Jumlah rata-rata anu dihasilkeun nalika pretés nya éta 54,19, hartina siswa can mampuh nulis biografi kalawan hadé. Ieu hal kulantaran tina jumlah siswa 31 urang ngan 3 urang atawa 9,7% anu geus ngahontal KKM, sedengkeun 28 urang atawa 90,3 % can ngahontal KKM.
- 2) Kamampuh nulis biografi siswa kelas X-9 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012-2013 sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*, kawilang nyugemakeun. Jumlah rata-rata anu dihasilkeun nalika postés nya éta 74,68, hartina siswa geus mampuh nulis biografi kalawan hadé. Tina jumlah siswa 31 urang, 25 urang siswa atawa 74,48% geus mampuh nulis biografi atawa geus ngahontal KKM, sedengkeun 6 urang siswa atawa 19,35% can mampuh nulis biografi atawa can ngahontal KKM.
- 3) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh awal (pretés) saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping* jeung kamampuh ahir (postés) sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*. Hal ieu katitén tina hasil uji gain aya parobahan anu signifikan nya éta 20,01%.

Ku kituna, Modél *Mind Mapping* éfektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi siswa kelas X-9 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012-2013 lantaran ayana peningkatan hasil pretés (kamampuh awal) saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping* jeung postés (kamampuh ahir) sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan nulis biografi ngagunakeun modél *Mind Mapping* di kelas X-9 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012-2013, aya sababaraha rékoméndasi ti nu nyusun nu ditepikeun ieu di handap.

- 1) Tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, kabuki yén modél *Mind Mapping* bisa digunakeun dina pangajaran nulis biografi. Ku kituna, ieu modél téh bisa dijadikeun alternatif modél ku guru, pikeun ngaronjatkeun kamampuh pangajaran nulis lianna.
- 2) Ku sabab dina ieu panalungtikan ngan dilaksanakeun kalayan maké metode kuasi Ékspérimén dina nulis biografi ka siswa X-9 SMA Negeri 9 Bandung, ku kituna kudu aya panalungtikan kahareupna ngeunaan modél pangajaran *Mind Mapping* anu ditalungtik kalayan maké metode lianna, sangkan leuwih ngabuktikeun kaéfektifan tina ieu modél.
- 3) Ieu panalungtikan téh geus ngabuktikeun kaéfeéktifan modél *Mind Mapping* dina nulis biografi. Ku kituna diperedih sangkan aya panalungtikan séjén anu leuwih jembar ngeunaan modél anu bisa ngaronjatkeun kaparigelan basa séjenna, saperti ngaregepkeun, nyarita jeung maca.